

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY


SA KI LADAN:

- REVIZYON NAN PWOTOKÒL COVID-19 YO
- OPÒTINITE VAKSINASYON POU TIMOUN
- MWA ANGAJMAN FAMILYAL

NOVANM 2021

Bilten 14 | NIMEWO 80 |

NOU GENYEN W REKONESANS



Pandan 'Thanksgiving' ap pwoche, nou vle voye gratitud ki soti nan fon kè nou bay tout elèv, pwofesè, administratè, anplwaye ak fanmi yo pou sipò, devouman ak angajman yo te demontre. Nou rekonesan pou tout fanmi "Miami-Dade

County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) a, ki nan bon tan e nan tan ki pi difisil yo, te montre yo pepare, yo enspire e yo te reyaji vit pou asire siksè elèv nou yo. Pandan nou prèske rive nan 'Thanksgiving', nou

envite ou pou w vin jwenn avèk nou pou pataje rekonesans nou pandan sezon fèt sa a. Poste yo sou kont medya sosyal ou lè w itilize 'hashtag' #MDCPSGivesThanks e antre nan konvèsasyon n ap fè konsènan gratitud.

DÈNYE ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU PWOTOKÒL SEKIRITE COVID-19



Pandan pandemi a, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te enpleman pwotokòl pou asire sante ak sekirite elèv ak anplwaye nou yo. Akòz rezilta lwa Gouvènè Ron DeSantis siyen jodi a, efektiv imedyatman, mask/kouvèti figi pa obligatwa ankò nan etablisman lekòl yo. Pa konsekans, pwovizyon parantal pou chwazi pou pitit ou mete mask oswa pou pa mete

mask la anile. M-DCPS ap kontinye ankouraje pou moun kouvri figi yo pandan yo andedan, e paran gen dwa chwazi tou si yo vle pou pitit yo mete mask oswa kouvri figi yo. Anplis, efektiv imedyatman, nou pap mande elèv ak anplwaye ki pa gen sentòm pou antre nan karantèn paske yo te ekspozè ak COVID-19.

M-DCPS AGRANDI PWOGRAM VAKSINASYON PEDIYATRIK COVID-19 NAN AJOUTE TIMOUN 5 ANE AK PI GRAN



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) agrandi pwogram vaksinasyon volontè COVID-19 li a pou li ajoute tout timoun ki gen laj 5-11 an. M-DCPS fè patenarya avèk Miami-Dade County, ‘The Children’s Trust’, ‘Florida Department of Health (FDOH)’, ‘University of Miami Health System (UHealth) Pediatric Mobile Clinic’, ‘Jessie Trice Community Health Center (JTCHC)’ ak ‘Community Health of South Florida (CHI)’ pou ofri vaksen yo nan plizyè douzèn lekòl atravè Distri a.

Andwa Klinik Mobil Pedyatrik UHealth yo pral ofri vaksen COVID-19 ansanm ak vaksen kont

grip la, vaksen obligatwa lekòl yo, ak tès COVID-19. Anplis, Miami-Dade County pral ofri vaksen COVID-19 bay timoun ak adilt nan kominote nou an nan divès andwa lekòl. Tout moun ki poko gen 18 ane ki ap pran vaksen dwe akonpaye ak yon paran oswa yon gadyen. Nou ankouraje ou pran yon randevou davans sou entènèt lè w vizite <https://public.domo.com/cards/jR815>

Pou w ka jwenn andwa, dat ak lè y ap bay vaksen ki ap disponib pou kominote an pandan tout mwa novanm nan, silvouplè vizite www.dadeschools.net.

Pou elijib pou vaksen COVID-19 la, elèv yo DWE gen omwen senk ane

nan jou yo ap resevwa li a. Yo dwe deja ranpli tou fòm depistaj vaksen COVID-19 la ak fòm konsantman an, ki ap disponib nan andwa y ap bay vaksen yo. Nou ap akeyi elèv ki pa gen randevou yo tou.

Atravè patenarya avèk FDOH, JTCHC ak CHI, nou ap ofri vaksen pedyatrik COVID-19 tou bay elèv nan kèk andwa lekòl nou chwazi. Lekòl la ap kontakte elèv ki elijib yo. Paran elèv ki ap pran vaksen nan lekòl yo chwazi yo pa bezwen prezan, men yo dwe ranpli epi remèt fòm depistaj vaksen an ak fòm konsantman an nan lekòl pitit yo a.

SEZON GWO GRIP



Pwoteje tèt ou ak fanmi ou pandan sezon grip la rive nan pi wo nivo li, lè w pran vaksen kont grip la. “Centers for Disease Control (CDC)” (Sant pou Kontwòl Maladi) rekòmande pou tout moun, ki gen laj sis mwa e plis, pran vaksen kont grip la chak ane kòm premye etap e demach ki pi enpòtan an pou pwoteje tèt yo kont viris la.

Kontakte doktè ou pou pwograme yon randevou oubyen Depatman Sante Florid nan (786) 845-0550, ki ofri vaksen gratis pou tout timoun ki pako gen 18 ane.



Chak novanm, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) selebre Mwa Angajman Famni Florid nan Edikasyon. Pandan n ap onore wòl enpòtan fanmi jwe nan edikasyon pitit yo, nou kontinye konsantre sou devlopman relasyon solid ant fanmi yo ak lekòl yo pou asire chak timoun kapab reyisi. Gen rechèch ki montre elèv yo bay pi bon rezilta – keseswa nan kesyon prezans, meyè nòt, oubyen nan amelyorasyon amou-pwòp yo – lè fanmi ak pwofesè travay ansanm kòm bonjan patnè.

Li ekstrèmman enpòtan pou w rete konekte avèk pwofesè pitit ou, e anba a w ap jwenn kèk sijesyon pou w kapab angaje w aktivman pandan tout ane a:

- Tcheke sit entènèt oubyen kont medya sosyal lekòl pitit ou a pou tout dènye enfòmasyon sou lekòl la
- Antre sou Pòtal Paran M-DCPS la yon fwa pa semèn pou w ka tcheke prezans ak pwogrè akademik pitit ou
- Telechaje Aplikasyon Mobil Dadeschools pou fason ki

konvnan pou ede w rete konekte

- Enskri pou w vin yon Volontè Lekòl nan lekòl pitit ou a lè ou vizite: [M-DCPS School Volunteers \(engemiamidade.net\)](https://www.mdcpscommunity.org/volunteers)
- Konsidere antre nan yon òganizasyon tankou PTA oubyen yon “booster club” (klib paran.)

Pandan mwa sa a, distri lekòl la ap mete aksan sou fason paran ka rete angaje nan edikasyon pitit yo. Nou envite w tcheke youn nan divès resous ki la pou sipòte ou kòm paran e/oubyen manm fanmi an.

- Suiv ti konsèy nou bay chak jou sou fason pou w pi byen sipòte pitit ou atravè ‘Twitter’ ak ‘Instagram’ @mdcpscommunity oubyen vizite www.engemiamidade.net/e-tips-for-parents.
- Enskri pou yon seminè Akademi Paran an ofri sou entènèt sou sijè tankou, Metòd pou Fanmi Elve Timoun yon Fason ki Atantif; oubyen Lekòl Magnet nan <https://parentacademymiami.com/>.

- Si pitit ou a nan yon lekòl ‘Title I’, aprann plis konsènan resous pou sipòte ou menm ak pitit ou a. Sèlman klike sou feyè ki disponib yo ann [Anglè](#), [Espayòl](#) ak [Kreyòl](#).

Finalman, si ou te rate Vizit Lekòl yo e ou pako gen chans pou w rankontre avèk pwofesè pitit ou ane sa a, konsidere kontakte li pandan mwa sa a pou w pwograme yon reyinyon. Pwofesè ak administratè lekòl yo gen menm objektif avèk ou, ki se siksè pitit ou e yo pa ka tann pou yo kòmanse devlope relasyon solid e dirab avèk ou. Nan M-DCPS, posiblite yo pa gen limit lè fanmi ak edikatè travay ansanm!

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

15 desanm
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

OPÒTINITE POU W VIN YON PARAN ADOPTIF OUBYEN YON FANMI AKÈY NAN KONTE MIAMI-DADE



TI KONSÈY SOU
ENTÈNÈT POU PARAN

Konekte avèk
Lòt Fanmi

<https://bit.ly/3H9gwHl>

DAT AK ENFÒMASYON
ENPÒTAN

24 novanm
Jou pou Pwofesè Fè
Planifikasyon

25 novanm
"Thanksgiving" (Jou
Remèsiman)

26 novanm
Konje Thanksgiving

Chak timoun merite pou yo devlope avèk santiman moun renmen yo e yo an sekirite. Akeyi oubyen adopte yon timoun se yon eksperyans ki gen anpil satisfaksyon e sa kapab chanje lavi ou. Fè yon diferans pou timoun ak adolesan nan Konte Miami-Dade lè w vin yon Paran Adoptif oubyen lè fanmi w vin yon fanmi akèy pou yon timoun atravè adopsyon. Nan Konte Miami-Dade, ak Monroe, 'Citrus Family Care Network (Citrus FCN)' se Ajans ki Responsab "Community Based Care (CBC)" (Swen Kominote Debaz) pou byennèt timoun. Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid gen kontra avèk Ajans ki

Responsab CBC atravè eta a pou ofri sèvis byennèt pou timoun nan kominote yo, nan pwòp lokalite yo, ki te sibi abi, neglijan e/oubyen yo te abandone. Kòm Ajans ki Responsab CBC nan Miami-Dade County, 'Citrus FCN' ap jere sèvis akèy pou timoun yo ansanm ak lòt sèvis nan menm domèn nan.

Pou aprann plis sou fason pou w vin yon Paran Adoptif oubyen yon Fanmi Akèy, tanpri rele 'Citrus Family Care Network' nan 1-855-786-KIDS (5437) oubyen vizite www.citrusfcn.com.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè
anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego